**NYC Health**

Office of Vital Records
125 Worth Street, CN-4, Room 119
New York, NY 10013-4090

GADE ENSTRIKSYON YO AK PRI KI APLIKAB YO PI BA A AK SOU DEZYÈM PAJ LA.

Enskri pou vote: voting.nyc

Pou kòmande batistè yon fason rapid ak sekirize sou entènèt pase pa VitalChek, ale sou nyc.gov/vitalrecords epi klike sou "ORDER A BIRTH CERTIFICATE ONLINE" (KÒMANDE YON BATISTÈ SOU ENTÈNÈT) anwo paj la.

Pou verifye nan ki etap kòmann ou an ye (batistè tibebe ki fèk fèt, batistè, sètifika desè, oswa koreksyon nan batistè oswa nan sètifika desè), ale sou https://a816-evital.nyc.gov/eVitalVRRTS/.

# DEMANN BATISTÈ

(Tanpri ekri klè epi mete tout enfòmasyon ou kapab nan lang anglè. Fòmilè yo remèt nan lòt lang yo ap mande plis tan pou nou travay sou yo. Se pou gade sèlman w ap jwenn tradiksyon fòmilè sa a sou entènèt — se fòmilè ki nan lang anglè a pou w ranpli nan lang anglè.)

| | | |
|---|---|---|
| 1. NON FANMI SOU BATISTÈ A | 2. PRENON | 3. ☐ FI<br>☐ GASON<br>☐ X* |

| | | |
|---|---|---|
| 4a. SI OU KONN DAT NESANS LA EGZAKTEMAN<br>MM JJ AAAA | 4b. SI OU PA KONN DAT NESANS LA EGZAKTEMAN<br>KÒMANSE RECHÈCH LA: MM JJ AAAA<br>FINI RECHÈCH LA: MM JJ AAAA | GADE PI BA A POU JWENN ENFÒMASYON SOU PRI |

| | |
|---|---|
| 5. NON LOPITAL LA OSWA ADRÈS KOTE NESANS LA TE FÈT | 6. MINISIPALITE KOTE LI TE FÈT LA<br>☐ MANH ☐ BRONX ☐ BKLYN ☐ QUEENS ☐ SI |
| 7. NON MANMAN AN/PARAN AN ANVAN PREMYE MARYAJ LI (NON JENNFI)<br>PRENON NON FANMI | 8. NIMEWO BATISTÈ A (si ou konnen li) |
| 9. NON PAPA A/PARAN AN ANVAN PREMYE MARYAJ LI<br>PRENON NON FANMI | 10. POUKISA OU BEZWEN BATISTÈ SA A? |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 11a. ÈSKE OU BEZWEN YON BATISTÈ DETAYE?**<br>☐ WI ☐ NON | 11b. ÈSKE OU BEZWEN YON LÈT ATESTASYON OTANTISITE?***<br>☐ WI ☐ NON | 12. KONBYEN KOPI OU BEZWEN?<br>☐ 1 ☐ 2 ☐ 3 | 13. KISA OU YE POU MOUN KI SOU BATISTÈ SA A? SE MWENMENM/PARAN/LÒT (tanpri eksplike) |

## EKRI KOWÒDONE OU KLÈ PI BA A.

| | |
|---|---|
| NON | NIMEWO TELEFÒN LAJOUNEN: Kòd Rejyonal - Nimewo Telefòn |
| ADRÈS REYÈL / APAT. NIM. | |
| VIL / ETA / KÒD POSTAL | ADRÈS IMÈL |

ATANSYON: Se sèlman yon moun dosye nesans la konsène, si li majè, oswa yon paran oswa yon òganizasyon sèvis sosyal nou ka bay yon dosye nesans. Se yon vyolasyon lalwa pou w fè deklarasyon ki fo, ki pa vre, oswa ki twonpè oswa pou w imite siyati yon lòt moun sou demann sa a. Vyolasyon sa yo se deli e pinisyon an se yon amann ki ka rive jiska $2,000.

| | |
|---|---|
| 14. SIYATI KLIYAN AN AK DAT<br>SIYATI: ______ DAT: ______ | 15. KÒMANTÈ KLIYAN AN/LÒT ENFÒMASYON |

## PRI

$15 pa kopi x ____ kantite kopi (3 omaksimòm) = $ ______

Pri kopi sètifye konfòm nan gen ladan yon rechèch sou de (2) ane konsekitif

$3 pou chak ane nou chèche anplis x ____ kantite ane = $ ______

Montan Total Peman an
(total de (2) montan an $ ki pi wo a): $ ______

SI NOU PA JWENN DOSYE A, N AP BA OU YON "DEKLARASYON PA JWENN" SÈTIFYE. **NOU PA AKSEPTE KACH NI PA LAPÒS NI AN PÈSONN. LIMIT SOU DEMANN BATISTÈ: JISKA TWA.**

DEMANN YO FÈ PA LAPÒS YO DWE NOTARYE

ETA ______

KONTE ______

SÈMANTE EPI SIYEN DEVAN MWEN:

NAN ____ YE/YÈM JOU MWA ______ ,

20 ____ SA A

______
SIYATI NOTÈ PIBLIK LA

SO NOTÈ PIBLIK LA

**KÒMANDE BATISTÈ SOU ENTÈNÈT YON FASON RAPID AK SEKIRIZE NAN NYC.GOV/VITALRECORDS**

*X se yon sèks ki pa ni gason ni fi (yon idantite seksyèl ki pa binè).
**Ou ka sèvi ak yon batistè senplifye pou prèske tout bagay andedan peyi an. Li gen sou li prenon ak non fanmi timoun nan, dat nesans li, sèks li, ak prenon ak non manman an/paran an ak papa a/paran an. Yon batistè detaye gen sou li tou kote timoun nan te fèt ak lè li te fèt la, adrès ak lòt enfòmasyon sou paran yo nan moman nesans la, ak enfòmasyon sou doktè ki te fè akouchman an.
***Si ou bezwen yon lèt atestasyon otantisite, kòmande yon batistè detaye.

## ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU BATISTÈ

- Ou ka jwenn yon Batistè pou tèt pa ou si ou gen omwen 18 an, oswa pou pitit ou, avèk pyès idantite ajou. W ap jwenn enstriksyon detaye pou avoka k ap depoze demann onon kliyan yo sou entènèt nan nyc.gov/vitalrecords.
- Bay fo enfòmasyon, sa gen ladan imite yon siyati, pou jwenn yon batistè se yon deli e transgresè yo gen dwa gen pou peye yon amann tou rive jiska $2,000 pa vyolasyon.
- Nou pa aksepte kat kredi pou kòmann pa lapòs. Si ou andeyò Etazini, voye yon manda postal entènasyonal.
- Gade tan nou pran pou travay sou demann yo kounye a nan nyc.gov/vitalrecords.

### 3 FASON POU KÒMANDE YON BATISTÈ VIL NEW YORK

- **Sou Entènèt:** Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou kòmande avèk kat kredi, kat debi oswa chèk elektwonik. Nou travay sou kòmann sou entènèt yo disi 24 èdtan lasemèn, epi gen livrezon pa UPS express mail ki disponib.
- **An Pèsonn:** Pou fè demann ou an an pèsonn, ou dwe pran randevou sou entènèt nan https://wb-nycdohmh.qmatic.cloud/qmaticwebbooking.

  Si ou pa ka pran randevou e ou gen yon demann ijan poutèt kouvèti asirans sante, sèvis gouvènman, fòs ame, lojman oswa travay, voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov oswa rele **311**.

  Adrès biwo a se 125 Worth Street nan Manhattan e li ouvè depi nan lendi rive nan vandredi, 9 a.m. jiska 3:30 p.m. Pase pa antre Lafayette Street (li aksesib pou andikape) oswa Centre Street yo.
- **Pa Lapòs:** Tout demann ki vini pa lapòs yo dwe notarye. Voye demann ou an pa lapòs pou 125 Worth Street, CN-4, Room 119, New York, NY 10013. Pa bliye mete yon anvlòp ki gen adrès ou ak tenm ansanm ak chèk ou a oswa ak manda postal ou a ke w ap fè sou non "NYC Department of Health and Mental Hygiene". Ou dwe bay fotokopi yon pyès idantite ki nan Kategori 1 oswa kopi orijinal pyès idantite ki nan Kategori 2 (gade pi ba a).

### Pyès idantite (identification, ID) ki obligatwa pou jwenn yon batistè pou tèt ou oswa pou pitit ou

**Kategori 1: Dokiman idantite.** Si w ap kòmande an pèsonn ou ka soti avèk batistè senplifye w la nan pifò ka yo, sòf si ou mande yon batistè detaye.

Bay nenpòt nan bagay sa yo si li gen foto ou ak siyati ou epi li pa ekspire:

- Lisans kondui oswa kat idantite ki pa pou kondui
- Kat avantaj sosyal NYS ki gen foto
- Paspò oswa kat paspò ameriken oswa etranje
- ID minisipal IDNYC
- Kat rezidans pèmanan
- ID inivèsite oswa kolèj avèk dènye relvednòt ou
- ID prizònye avèk papye liberasyon ajou
- ID travay avèk dènye souch chèk peman w lan
- Kat Access-A-Ride NYC
- Kat rabè pou MTA NYC
- Kat ID militè

**Kategori 2: Prèv adrès.** Si ou pa gen okenn nan bagay sa yo ki pi wo a, ou gen dwa bay prèv adrès jan sa dekri pi ba a. N ap voye batistè w lan pa lapòs nan adrès ki sou dokiman ou bay yo.

Bay de (2) dokiman diferan ki gen yon dat ki poko gen 60 jou, si yo montre non ou ak adrès ou (n ap voye batistè a pou ou pa lapòs):

- Bòdwo sèvis piblik oswa telefòn (ou ka telechaje bòdwo ki sou entènèt nan men founisè w lan)
- Lèt ofisyèl ou resevwa nan men gouvènman an

Si ou pa ka bay pyès idantite ni Kategori 1 ni Kategori 2, rele **311** epi mande pou **"Vital Records assistance" (asistans pou Eta Sivil)** oswa voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov. Si ou andeyò NYC, rele 212-639-9675.